



City of Boston
Mayor Michelle Wu
Mayor's Office for Immigrant Advancement

Pou Piblikasyon Imedyat:

Kontak: Biwo Majistra a pou Avansman Imigran

Manadjè Kominikasyon: Pai En Yu - paien.yu@boston.gov

**MAJISTRA WU AK BIWO MAJISTRA A POU AVANSMAN IMIGRAN
BAY PRIM MINI-SIBVANSYON WE ARE BOSTON
BAY 20 ÒGANIZASYON KI BAY IMIGRAN SÈVIS**

*\$160,000 ap ale jwenn òganizasyon non-gouvènmental ki bay kominote
imigran yo sipò*

BOSTON – Pou sipòte bezwen rezidan imigran nou yo, Majistra Michelle Wu ansanm ak Biwo Majistra a pou Avansman Imigran yo (Mayor's Office for Immigrant Advancement, MOIA) ap ofri \$160,000 sou fòm mini-sibvansyon bay 20 òganizasyon ki sèvi imigran. Mini-sibvansyon yo finanse atravè patwonaj antrepriz pou [We Are Boston](#), yon resepsyon anyèl ki rekonèt kontribisyon imigran yo fè nan Vil nou an.

“Yon-tyè nan rezidan Boston yo se imigran,” Majistra Wu deklare. “Sante ak byennèt kominote imigran nou yo esansyèl pou redrèsman Vil nou an ansanm ak kominote a. Lè nou fè investisman sa yo kounye a, nou etabli yon fondasyon pou chanjman jenerasyonèl.”

“Nou travay tèt kole ak òganizasyon *non-gouvènmental* ki sèvi imigran, e yo di nou kisa kominote yo bezwen nan moman an,” Yusufi Vali, Direktè Biwo Majistra a pou Avansman Imigran, di nou. “Pandan n'ap refè apre pandemi sa a, nou ta dwe pwofite de moman sa a, de fason inovatif, pou idantifye disparite yo e fèmen twou ki toujou egziste.”

Chak nan 20 òganizasyon *non-gouvènmental* yo pral resevwa \$8,000 pou sipò operasyonèl ak ranfòsman kapasite pou sèvi imigran ki afekte nan pandemi



COVID-19 la. Fon yo pral sèvi pou anpil sèvis diferan enkli èd pou bezwen de baz, sipò sante mantal, devlopman timoun ak jenn yo, sèvis jiridik, ak ekite dijital.

Òganizasyon annapre te seksyone pou resevwa mini-sibvansyon ane sa a:

Afrimerican Culture Initiative Inc.: Sipò operasyonèl ak ranfòsman kapasite pou pwogram kiltirèl ak nitrisyonèl pou kanpay COVID-19 'Stay Informed' (Rete enfòm) la

Asian American Civic Association: Gadri timoun pou fanmi ki pa't elijib pou kupon sèvis gadri yo

Asian American Resource Workshop: Èd ak acha manje ak èd frè jiridik pou fanmi imigran yo

Association of Haitian Women, Inc. (AFAB): Fòmasyon nan teknoloji pou fanm ak fanmi ayisyèn nan Dorchester, Hyde Park ak Mattapan pou redwi frakti nimerik la pou kominite ayisyèn yo ki pa gen anpil revni

CAIR-Massachusetts: Avoka imigrasyon pou fanmi mizilman ki pa gen anpil revni k'ap chèche èd pou petyon pou azil ak depòtasyon

Center for Cooperative Development and Solidarity-CCDS: Gwoup fòmasyon konsyantizasyon ak fòmasyon pou viktim twomatism pou fanmi imigran ki pa gen anpil mwayen nan East Boston

Dudley Neighbors Incorporated: Kupon pou rezidan ak pwopriyetèkay imigran sou Community Land Trust pou peye lwaye, bòdwo sèvis leta bay yo (elektrisite, dlo, telefòn, chofaj, elatriye), ak lòt bezwen esansyèl

East Boston Community Council: Ekipman, aksè ak fòmasyon teknolojik pou jenn ak fanmi imigran yo pou Pwogram Enklizyon Nimerik (Digital Inclusion Program) la

El Centro - Catholic Charities: Èd lajan kach pou fanmi ki gen bezwen ijan pou lwaye akoutèm ak lòt bezwen de baz



City of Boston
Mayor Michelle Wu
Mayor's Office for Immigrant Advancement

Family Nurturing Center for Massachusetts: Klas edikasyon pou fanmi ak evènman tradisyonèl azyatik pou otonomize fanmi vyetnamyèn nan Dorchester pou yo vin pi angaje sivikman nan kominote AAPI yo

Gardner Pilot Academy Foundation Inc.: Manje, sèvis leta bay yo (elektrisite, dlo, telefòn, chofaj) ansanm ak èd pou lòt bezwen esansyèl bay fanmi imigran yo nan Allston/Brighton

Gilbert Albert Community Center Inc.: Bousdetid pou klas ESOL ak bòdwo ki poko peye

Haitian Health Institute: Aktivite chak semèn pou fanmi ayisyèn ki gen timoun ki gen andikap nan devlopman yo nan Mattapan nan kad pwojè Haitian Family Support la

La Alianza Hispana Inc.: Èd ak bezwen esansyèl, klas pou paran aprann leve timoun, ak sipò pèsonalize pou fanmi Latino ki pa gen anpil revni e ki gen ak timoun nan prenatal jiska nan jadendanfan

Lawyers for Civil Rights: Èd jiridik pou defans kont depòtasyon, prevansyon kont degèpisman, ak establiite lojman pou fanmi imigran yo nan East Boston ak nan Mattapan nan kad aktivite sekou pou COVID-19 yo

Love Your Menses Inc.: Swen apre akouchman ak èd emosyonèl pou manman imigran yo

Neighbors United for a Better East Boston (NUBE): Espas byennèt ak sante lidè kominotè yo òganize pou imigran ki pa gen anpil revni

Soccer Without Borders Boston: Etabli yon lig futsal andedan sal espò nan East Boston pou anseye Anglè e ankadre jenn imigran yo

Veronica Robles Cultural Center: Pwomouvwa idantite kiltirèl kominote imigran Latinx yo nan East Boston



City of Boston
Mayor Michelle Wu
Mayor's Office for Immigrant Advancement

Voice of Tabernacle Multi-Service Center: Èd pou jwenn lojman pou jenn Ayisyen yo ki sanzabri oswa ki konfwonte ak sitiyaasyon sanzabri nan Dorchester ak Mattapan

Mini-sibvansyon sa yo te posib gras a kontribisyon jenere ki soti nan men patronè We Are Boston 2020 yo, ki gen ladann State Street Corporation, Arbella Insurance Foundation, Harvard Pilgrim Healthcare ak Eastern Bank Foundation.

[We Are Boston 2022: From Dreams to Action](#) ap dewoule nan dat 3 fevriye 2022. Pandan respesyon an, nou pral selebre benefisyè kominotè yo e esplike kijan sektè piblik, prive ak òganizasyon karitatif yo kapab travay ansanm pou sipòte efò pou lekite. Kounye a, n ap siveye sitiyaasyon COVID-19 la pou detèmine si evènman an ap an pèsòn oswa vityèl (a distans). Nenpòt medya ki ta vle patisipe kapab voye yon imèl bay paien.yu@boston.gov.

Konsènan Biwo Majistra a pou Avansman Imigran

Biwo Majistra pou Avansman Imigran (Mayor's Office for Immigrant Advancement, MOIA) fè efò pou ranfòse kapasite imigran pou yo ka patisipe konplètman e nan yon fason ki ekita nan lavi ekonomik, sivik, sosyal ak kiltirèl nan Boston. MOIA ankouraje rekonesans ak konsyans piblik o sijè kontribisyon imigran yo nan Vil la. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite boston.gov/immigrants.

###